CHII CHINONZI MUTEMO WEMBEU?

Mitemo yembeu inodzikwa nehurumende nevemabhizimusi kuti vadzoredzere kushandiswa kunoitwa mbeu pakurima. Inotaurawo zvinofanira kuitwa nenyika nemakambani anouchika mbeu maererano neunaku uye kusimba kwembeu dzakasiyana-siyana.

Mitemo yembeu yakanangana ne:

- Kusiyana kwemauchikirwo embeu;
- Kupiwa magwaro kwembeu;
- Kuongororwa kweunaku hwembeu; uye
- Kubvisa mbeu dzine chirwere pamusika—kuti pasave nezvirwere nezvipfukuto.

Kune makomiti emunyika anoita basa rokuona nezvekuuchika mbeu nemamwe anopa magwaro anoshanda achitevedza mitemo yembeu inenge yadzikwa. Mitemo iyi inonyanya kunakira makambani anouchika mbeu akazvimirira oga, ayo anoda kuti varimi vose vatenge mbeu dzemhando yepamusoro kuti ivo vaite mari inemugove wakapfurikidza.

Kuti mbeu ibvumidzwe kutengeswa munyika, inofanira kuva nezvinodiwa, kana kuti inotarisirwa kuva yemhando yakazvimirira, yakafanana uye yakadzikama, zvinonzi pachirungu DUS. (*DUS* inomirira *distinct*, *uniform* uye *stable*.) Mhando dzembeu dzinenge dzatenderwa dzinonyorwa mugwaro renyika rembeu rinonzi ***National Variety List*** kana kuti ***Catalogue***. Zvadaro, mhando dzembeu idzi dzinofanira kupiwa gwaro zvichitevera kuongorora kwakadzama kwakananganа nekusimba uye unaku hwembeu.

Mutemo wembeu unoshandiswa kutsiva uye kushaisa simba kuuchikwa kwembeu kunoitwa nemurimi pachake. Izvi zviri kukanganisa uwandu hwemhando dzembeu dzemunharaunda uye mbeu dzinouchikwa nevarimi, zvichiguma nekushomeka kwemari inowanikwa nemhuri uye kuwanika kwezvokudya.

african centre for biodiversity

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com